Jeu kocap lampah di jala cai,
Sumangga bujeng enggalna,
Kapalabuan geus tepi.

Kapalna eunggeus balabuh,
Barang-barang geus tarapti,
Kagungan tuan Nangkoda,
Enggeus di kunjai ke Nagari,
Enggeus tepi ka pasar ngayaban,
Arinangkada pandeuri.

Geureuha nangkoda kalangkung,
Sarehing meunang nyi Putri,
Kinang koda eunggeus angkat,
Bari nyandak nyai putri,
Geus asup ka jeuro kota,
Seuja ngabaktikeun putri.

Kacaturkeun kangjeng Ratu,
Linggih di Sri manganti,
Kocap sumping ki nangkoda,
Ngadeuheus kakangjeng Gusti,
Kasondong Raja keus lengah,
Sinareng panggawa mentri.

Nyi Bastari langkung bingung,
Ningali dewi bastari,
Mani geus teu puguh rasa,
Duh rayi Komala putri,
Hiap geura kana korsi,
Jeung engkang urang seduduk,
Nunga deuheusan para raja,
Raja nimbalan ka patih,
eta patih rek di kawin ku kaula.

Nyi Bastari tungkul susah,
ngeluk barina jeung nangis,
Kanjeng raja seug ngandika,
Nyai montong nangis teuing,
Kasaha eling teh Nyai,
Ka eyang atawa ka ibu,
Meureun di saur ku engkang,
Putra seulam atawa kapidir,
Putra patih atawa teu rahing raja.

Dewi Bastari ngandika,
Ari asal mah sim kuring,
Kuring lain putra raja,
turunan patih madayin,
Tapi geus asup islam kuring,
Patinggal jeung rama ibu,
Nya matuh di padusunan,
Tapi ninggal raga diri,
Yaktos kuring ieu teh jalmi islam.

Kuring anu mawi susah,
Sareh di kersakeun diri,
Galih Gusti keureus pisan,
Tapi ayeuna sim kuring,
Nyulumkeun pangidin Gusti,
Sebab lamun hanteu kitu,
Gamparan langkung uninga,
Gaduh idah jisim kuring,
Geus tutup mah simkuring sumangga pisan.

Kangjeung seug ngandika,
Sabaraha idah Nyai,
Munbulan sabaraha bulan,
Munpae sabaraha hiji,
Nyi Bastari ngalahir,
Nun sumuhun dua taun,
Sakitu kuring nya idah,
Teu loba badami deui,
Diidinan Bastari lulus lampahna.

Geus asup kapada leunan,
Raja nyaaur kapara maswari,
Eusi bumi kangjeung Raja,
Bade nguping nyai putri,
Eumbang sadayana nguping,
Nungaladenan sapuluh,
Nyi Eumban hatur sumangga,
Parantos timbalan indit,
Nyi Bastari urang gancangkeun carita.

Carios malik ki tukang,
Umar Sahad Umar Sahid,
Ting aribu palay dahar,
Umarmaya langkung watir,
Beuki nangis murang kalih,
Enggeus reang ting aribu,

Sono palay dahar,
Geus pareureuh murang kalih,
Umarmaya sajeroning manah.

Nabet lila Nu babarah,
Leuleungen Nyai Bastari.
Aduh Rayi palang siang,
Meureun sasab nyi Bastari,
Reujeung murang kalih nangis,
Palay teang ting aribu,
Umarmaya watir pisan,
Aduh ujang ulah nangis,
Urang susul ayeuna teh ibu ujang.

Murangkali top di candak,
Nyusul Irayi nyi Bastari.
Umarmaya enggal angkat,
Jipadusunan nyabumi,
tuluy di kalek Mar Sahid,
Umar Sahid ti katuhu,
Umarmaya lajeng mangkat,
Nuturkeun tapak Bastari,
Iyeu geuning tapakna teh ibu ujang.

Lajeng di papay tapakna,
Saurut nyai Bastari,
Terus bae ieu tapak,
Jauh lampah nyi Bastari,
Mangsa harita geus buri,
Golempang betsisi laut,
Umarmaya teu weulas,
beh tapak dina kekisik,
Umar Sahid tah tapakna ibu ujang.

...Dituturkeun bac tapakna,
Kapendak urutna calik.
Urut emok ibu ujang.
Tidinya kamana rayi.
Tah geuning mapay kikisik.
Geus kitu tapak teu puguh.
Geus loba pisan urutna.
Kawas loba batur jalmi.
Aduh tiwas rayi teh aya anu mawa.

Ujang ibu teh ka pentas.
Jalan kapal eunggeus sidik.
Urang mana anu mawa.
Mawa jalma anu perhatin.
Aduh nyai Bastari.
Kumaha kakang nya nyusul.
Ka leupasan Umarmaya.
Bari' ngelek Umar Sahid.
Aduh rayi ku mambang cisaca kakang.

8. PUPUH KUMAMBANG

Umarmaya mamahna geus hanteu eling,
Metang ka geurwana,
Ka rayi dewi Bastari.
Melang teuing diri eungkang.

Umarmaya sangkal singkil seug ka cai,
Jeung putrana anu dua,
Marmaya rek nyebrang cai,
Rek meuntas kana lautan.

Jika tuhu Marsahad ti kiwo Marsahid,
Langkung-langkung ngeurik manah,
Sabab patinggal jeung rayi,
Mentas geus beuki tengah.

Beuki tengah beuki jeung eta cai,
Lajeung Umarmaya,
Enggeus seumeut susu cai.
Geus kaleum eta lambeuyna.

Eta cai geus wates eta cepil,
Tonggoy bac Marmaya,
Kita geus laput sakali,
Keu reuseup ki Umarmaya.

Umar Sahad di santok bukaya patih,
Budah dua geus dibawa,
Pinasti keursa yang widi.
Lantaran pisah jeung Rama.

Tunda deui teu ka catur murang kalih,
Umarmaya eunggeus ngambang,
Eunggeus ngambang dina cai.
Ka omak amak ku lamak.

Umarmaya beuki tengah dina cai,
Palidna ka alas peuntas,
Mun nyangsang di lian negri,
Nyorang ka Nagara embal.

Urang tunda Umarmaya nu keur palid,
Nasih ngambang di lautan,
Aya anu kocap deui,
Ki palika di ayaban.

Tukang lintar ayana di luar Negri,
ngarana teh aki jala,
Palikana kangjeng Gusti.
Malah unggal poc seba.

Ari dina waktu nateh eta aki,
Kulem dina tepasna.
Aki jala teh bet ngimpi.
Ari eta impian nana.

Ngimpi runtuh ieu jagat reujeung langit,
Aki jala geuwat hudang,
Reuwasna kaliwat saking,
Impian kitu pentana.

Sanggeus gugah aki jala seug ka cai,
Tuluy wae aki siram,
Sanggeus siram tuluy mulih,
Nyaur bari ngadaleungdang.

9. PUPUH DANGDANGGULA

Aki Jala seug nyaar ka nini.
Ach nini kami bet reuwas ku impian,
Kami teh teu puguh raos,
Aya impian bet kitu,
Ngimpi runtuh jagad jeung langit
Naon nini alamatna,
Aing reuwas liwat langkung,
Dina sajero impian,
Ceuk aing teh eukeur waktu dina ngimpi,
Jeu teh lebur kiamat.

Nini Jala enggalna ngalahir,
Aduh aki pamikir ninimah,
Pedah geus lawas teu naros,
Urang teh siba ka ratu,
Wantu urang teh kakasih,
Ka Raja hanteu seba,
Sok nyanggakeun lauk,
Ayana beut heubeul pisan,
Aki Jala ras eling barina ngalahir,
Aduh nini sugan nya eta.

Hayu nini atuh urang ngeerik,
Ieu bawa enggal nini dangdan,
Mawa bekel seug di gandong,
Aki atuh urang hayu,
Gancang aki Jala indit,
Jeung nini pada duaan,
Geus nepi ka laut,
Mimiti aki teh lintar,
Eunggeus dongkap kana eta waktu duhri,
Hanteu acan pisan meunang.

Maju deui tina waktu duhri,
Dong kana waktu ngasar,
Sumawona lauk gede,
Lauk lembut hanteu untung,
Mani geus dongkap ka burit,
Aki Jala geus teu nangan,
Lesu liwat langkung,
Eureun di sisi lautan,
Aki Jala lajeng nyaur baeka nini,
Kumaha petana urang.

Hanteu meunang ajon lauk sahiji,
Abang-abang kawas kakara pisan,
Tayoh meunang pisan,
Aya bengsal liwat langkung,
Aya ngimpi hanteu hasil,
Sapae eta teh lintar,
Hanteu meunang lauk,
Mani geus dongkap ka ngasar,
Hayu nini cenah urang balik,
Jung angkat mulih ki Jala.

Aki Jala jeung nini geus mulih,
Angkat nateh ka sisi laut,
Nini Jala bari ngomong,
Aki pamasaran laku,
Cing peucak sarungkup deui,
Biur angarungkup heurap,
Barangna geus gepruk,
Heurap kana cai tea.
Eta heurap ku aki eukeur di tarik,
Pareng jeung minggang wirahma.

Aki nini bungah liwat saking,
Enggeus tangtu loba pisan laukna,
Kurunyud mani geus nyudnyod,
Anu hiji ngabeu leusar,

Leupas tina heurap aki,
Aki Jala suka manah,
Ngajoged bari jibrut,
Nini cekel jeu bantuna,
Bari ngigel sia hempek bari ngawih,
Nini ngigel bari nyora.

Deon aeng do euleuh lenjang aki,
Jeung engkemah urang kaulan,
Jeung aki urang panganten,
Silo kana waluh bengkung,
Barang tamat nini ngawih,
Bari nyekel batu heurap,
Aki Jala eunggeus turun,
Diputerkeun nyasar heurap,
Geus ngagulung seug di jungjung heunku aki,
Eusi heurap budak dua.

Kaget pisan yen meunang murang kalih,
Geus ka darat aduh aki bagja pisan,
Alah batan lauk gede,
Seug di geundeureh ku siku,
Murang kalih geura nangis,
Pinasti kersaning Allah,
Budak panjang umur,
Dicatur dina hikayat,
Di huapan tuluy waras murang kalih,
Murang kalih taranginas.

Liwat langkung nini sukaati,
Ceuk ki Jala eta impian tea,
Gancangna bae carios,
Bungahna kaliwat langkung,
Ki Jala ngarungkup deui,
Eunggeus nyunyod di jero heurap,
Eusina lika lauk,
Dina heurap eunggeus beunang,

Aki Jala reujeung nini sukaati,
Lauk meunang budak meunang.

Meunang lauk gede liwat saking,
Sami bae reujeung budak tea,
Enggalkeun bae-bae carios,
Lauk gede seug di tanggung,
Nunga gandong budak nini,
Didinya teh gancang mulang,
Geus jauh ti laut,
Teu di gurit di jalana,
Aki Jala ka imahna enggeus sumping
Bungah manah meunang budak.

Lila lila Marsahad Marsahid,
Bisa leumpang ulin di buruan,
Ku aki di eyong-eyong,
Basanateh nyebut incu,
Di pondok geus dua peuting,
Aki hayu urang seba,
Nyanggakeun lauk ka Ratu,
Incuteh urang bawa,
Sugan bae ku Raja di paparin reubig,
Mundi leler keur si ujang.

Atuh hayu nini urang indit,
Seug di saur incu aki Jala,
Entong kadariieu euneng,
Urang teh seba ka ratu,
Icu bawa kanjul aki,
Gancang carita aki Jala,
Geus jung nanggung lauk,
Aki Jala bari ngaping murangkalih,
Eunggeus sumping ka paseban.

Kangjeng harita keur linggih,
Di seuri maha di deuheusen ka panggawa.
Jeung para mantri sakabeh,
Barang nini gal kanjeng ratu.
Kaget ninggal jeung ka murang kalih,
Geuwat-geuwat aki Jala.
Eta bawa lauk,
Jeung bagea aki hiap.
Aki Jala eunggeus calik reujeung nini,
Sareng murang kalih tea.

Seug di sanggakeun lauk teh ka Gusti,
Lauk tea gedena kabina-bina,
Aya lauk matak kaget,
Nu ningal pada ngaguruh,
Lajeung myaur para mantri,
Hiji mantri kakasihna,
Dipiwarang nyaur.
Nyi putri palayeun ningali,
Mantri nyembah calik payuneun nyi Putri,
Nyi putri yanggad ngandika.

Arek naon mantri anu mawi sumping,
Mantri walon agan di saur ku Raja,
Sugan palay lauk gede,
Nyai putri gancang tuluy,
Geus sumping ka nyeuri maanti,
Nyai putri kaget pisan,
Lain ningal lauk,
Saur sajaroning manah,
Ambu-ambu eta geuning anak aing,
Umar Sahid jeung Marsahad.

Nyai putri nyieun semu manis,
Kaget pisan bari ne pakan dada,
Supaya suka sang katon,
Tapi dina jero kalbu,

Nyai putri geurah manah nyai putri,
Putra nateh geus tetela,
Manahna mani ranyung,
Saupamana rek terang,
Ngaku anak ka marsahad meureun peuncit,
Aing tiwas meureun wirang.

10. PUPUH WARUNGRUNG

Kacarioskeun nyai putri,
Kacarioskeun nyai putri,
Ka aki Jala nyarios,
Budak saha aki segut,
Matak resep teuing aki,
Reujeung eta sakembaran,
Aki Jala matur nyemba.

Kalamun kangjeng Gusti,
Anak aki eu yaktos,
Nyai putri mindo nyaur,
Pantes eta lain anakna,
Lain putra aki Jala,
Walon deui aki Jala.

Sateurangna inyeu aki,
Nyai putri nyaur alon-alon,
Natimana budak alus,
Masing teurang bae aki,
Aki Jala matur nyembah,
Kaulamun sateurang namah.

Ieu di kukut ku aki,
Langkung ngerik putri walon,
Lamun ku kula di pundut,
Tapi pama teuing,
Eta geus asang manahna,
Aki bumah di penta.

Rek di jiun teher kucir,
Reujeung purah monta artos.
Atawa tilah ka Ratu,
Paragi nyuhunkeun duit.
Sertana sakembaran,
Ku aki ulah di bawa mulang.

Aki Jala walon deui,
Kulamun gusti anom.
Abdi nyanggekeun piunjuk,
Perkawis eta murang kalih,
Kedah pundut ku gamparan.
Jisim abdi lain baha.

Jeung lain karaoh aki,
Wantu aki enggeus kolot,
Hanteu anak hanteu incu,
ngan rupana marang kalih,
Parandene hitu sumangga.
Munaya lahir raja mah.

Kadangu ku kanjeng Gusti,
Lajeng bae nyaur alon,
Eta teh aki di pundut,
Eta pikeun teher putri,
Aki Jala matur nyembah,
pun aki nyanggakeun pisan.

Enggalkeun bae perkawis,
Aki Jala nyembah walon,
Jisim kuring amit mundur,
Kanjeng Raja nyandak,
Keur mahanan aki,
Sela weuji eunggeus nyandak.

Seug di leler duit aki,
Aki Jala nyembah cendak,
Duit lobana saratus,
Aki Jala suka ati,
Ngadaregdeg jeung ngalahir,
Nun aki tutas timbalan,

Hade aki geura mulih,
Aki Jala nyembah leos,
Di jalana teu di catur,
Aki Jala enggeus sumping,
Ka pondokna enggeus datang,
Pulang ngadeu heus ti Raja,

Carios nyai Putri,
Enggeus mulih ka kadaton,
Enggal lajeng kanjeng Raja,
Eunggeus nyandak murang kalih,
Dongkap ka seuri naha,
Lajeng di leler calana,

Kamarna eunggeus di sasi,
Sabat Raja ka jero,
Marsahad ninggal kaluhur,
Barina ninggal marsahid,
Dina panto aya pedang hiji,
Ngagantung jeung endong kosong,
Sidik pisan eta pedang,

Kabura Sang Raja sumping,
Sang Raja ngandika alon,
Teher maneh kudu ngiring,
Ngiring ka juragan ratu,
Heh duit eukeur silaing,
Sing hade maneh ngawula,
Bisi aya piwarangan,

Teher nyembah bari amit,
Putri dina gedong songko,
Lajeng di saur ku Ratu,
Jeung di bawa kanu buni,
Bastari geus teu kawawa,
Gebrug di rantok putrana.

Aduh Raden anak aing,
Di ciuman di galentor,
Naha ujang bisa nyusul,
Ibu teh leur prihatin,
Nangis marsahid-marsahad,
Barina ibu - ibuan.

Bastari nangis ngalahir,
Enggeus ulah nangis eneng,
Marsahad Marsahid matur,
Di candak kurama kuring,
Barang dongkap ka tengah sagara,
Kapendik ku Jala.

Nyi Bastari tambah nangis,
Karakana langkung watos,
Duh engkang di tengah laut,
Engkang patinggal jeung kuring,
Tuang Rayi di ayaban,
Jeung putra mah eunggeus tepung,

Gancangkeun lampah Bastari,
Sujud sukur kayang manon,
Kaputrana seug nguruk,
Raden teh masing gunuti,
Ulah nyibut ibu pisan,
Lamun nyibut tiwas.

Ibu teh lain teu asih.
Marsahad Marsahid walon.
Aya pedang paman Amir.
Jeung di gantungkeun di luhur.
Ibuna ngiciupan deui.
Etah pama-pama pisan,
Ibu megat saur putra.

11. PUPUH MAGATRU

Tunda deui nyi Bastari di kadaton.
Marsahad reujeung Marsahid.
Malikan deui kapungkur.
Umarmaya nu keur palid.
Ngangsang dina akar bayongbong.

Umarmaya nangkarak di sisi laut,
Kapetgat ku agar gawir.
Pasti kersa yang agung.
Taeon dongkap kana janji.
Marmaya meun takeun panon.

Umarmaya malotot ningal ka luhur,
Eling barina jeung muji,
Zikir bari jeung taud.
Sukur ka Gusti yang widi,
Adiri hanteu pareng maot.

Umarmaya naek gawir rungsod-rungsod.
Ngaderegdeg sieun geubis.
Nangankeun anjeun geus ripuh,
Bareng ka luhur tina gawir,
Mana horeng eta kebon.

Umarmaya ntonna kaliwat langkung,
Remas remas saka panggih,
Tur dahar jambu batu,
Kap nyandak cabe lada teuing,
Geus segerkap kana terong.

Umarmaya tidinya geus bisa hangtung,
Nu ngareunah geus kapanggih,
Samutut jeung reumas remus,
Semu anu ngeunah teuing,
Barina jeung tempa tempo.

Nu ngareunah geus katinu,
Karina handap geus kapanggih,
Watuning di kebon Ratu,
Hanteu sieuneun kapanggih,
Eta kuru boga heuban,

Kacarita aya jalma dijero saung,
Ka Umarmaya ningali,
Gauina keur reumas remus,
Mi tungga saung ngajerit,
Wantu budak hanteu nyaho.

Eta budak caturkeun datang ka lembur,
Ka Bapana seug pupulih,
Bei aya anu maling jambu,
di Hakanan kunu maling,
Kaget anu boga kebon.

Seug ngumpulkeun baturna eta salembar,
Rek nangkep ata nu maling,
Sadayana tambang reujeung awi,
Jeung sosog bisina moncar.

Eta jalma panginteun aya sapuluh,
Kana keubon eunggeus sumping,
Geus kapanggih seug di lingkung,
Umar seug ningali,
Aing teh di jieun paok.

Umarmaya di seudeukeun beunang geubrag,
Pada newak pada ngembing,
Umarmaya enggeus rubuh,
Sabab tanaga masih leutik,
Umarmaya di borogod.

Sukuna teh Umarmaya seug diringkus,
Umarmaya ngeurik ati,
Nyaureu saleu beuting kalbu,
Yen meunang cacosa diri,
di asupkeun kana sosog.

Umarmaya seug di cocokeun ku injuk,
Tuluy di pundak ka jalmi,
Seug di pangpengkeun ka laut,
datang lambak seug kasisi,
Teudaekeun kaleum sosag.

Ari eta pun jalmi anu sapuluh,
Kaimahna pada balik,
Barina seuri ngaguruh,
Lalampahan nangkeup maling,
Pada ka samaran ngaromong.

12. PUPUH ASMARANDANA

Carios katunda deui,
Umar kasangsara,
Ayeuna ganti carios,
Aya sahiji negara,
Ngaran Negri Romala,
Kasebut Nagara nyumput,
Istri nu mangku nagara.

Tenengan Komalasari.
Ibuna Nyi Dewi Geudah,
Tacan kagungan caroge,
Eta nyai dewi ratna,
Sadayana para raja,
Nu jadi patih kang ibu,
Marentah kajin siluman.

Ari dina mangsa hiji,
Bikomala sari raja,
Kulem dina katil ngempen,
Ari jero impian,
Ngimpi mendakan cahaya,
Hurung di tengah sagara,
Mon corong di tengah laut,
Naon ibu alamatna.

Enggal walon geudah sari,
Anak ibu putra Raja,
Eta impian teh sac,
Geura siram jeung kuramas,
Jeung ibu urang ka jaman,
Sang Raja putri garidus,
Geus nyandak bakor Kancana.

Geus angkat sang raja putri,
Kangjeung ibu nu ngiring angkat,
Keur sana lajeung ka aer,
Kedah nyandak cinde rasa,
Geus sumping pek di Kuramas,
Duaan sareung kang ibu,
Parantos nudi kuramas.

Sang putra Komala Sari,
Barang ningali lautan,
Kaget dina manah nateh,
Naon ieu anu marakbak,
Hurung di tengah lautan,
Mesem ibu bari nyaur,
Tah Nyai impian tea.

Enggal angkat geudah sari,
Ningal ka sisi sagara,
Barina jeung nyaur alon,
Lamun reu meusing ku musuh,
Darajat nyai Komala,
Muginya karsaning ratu,
Mugi sing kasisipan.

Sumping lambak geude teuing,
Sosog teh kasisi pisan,
Raja Putri langkung gagah,
Beh sosog kitu rupama,
Jeung naon ibu eusina,
Sosag di pangku kaluhur,
Cocakna injuk dibuka.

Barang dibuka teh jalmi,
Aduh ibu geuning jalmi,
Alus temen saki rana,
di laan tuluy dicandak,
Salirana alus pisan,
Umar nyomot susu,
Komalasari ngagoak.

Bet bangke cimit teuing,
Ibuna mesem ngandika,
Sugan keur sakarat enom,
Komalasari ngandika,
Puguh sajen keureuwendra,
Geura mangga kang ibu,
Ibu nyanda babahang.

Bangke hanteu usik malik,
Telelana eunggeus wafat,
Nyandak deui sang putri teh,
Kana teunggeug Umarmaya,
Alus temen iyeu jalmi,
Umar nyomot susu,
Kenca katuhu nyomotna.

Nyi Putri gumujeng manis,
loba nu nyomot susumah,
akang matak aseun bae,
mangga bae geura gugah,
Engkang kuring teh dalagas,
Geus takdir yang Agung,
Engkang kuring teh parawana.

Umarmaya suka ati,
Imut gugah lalaunan,
Raja Putri enggal naros,
Aya engkang saha jeuneungan,
Anu matak kasangsara,
Kumaha nu matak kitu,
Naros ka salira engkang.

Umarmaya enggal ngalilir,
Duh nyai Ratna Komala,
Engkang mawi dina sosog,
Engkang urang padusunan,
Ari engkang kata lanjur,
Nya dongkap kadieu pisan.

Jeupang reujeung jalma julig,
Eungkang teh di hari raya,
Di asupkeun hana sasag,
Tah kitu purwana engkang,
Dipalidkeun ka lautan,
Beurang peuting engkang di laut,
Nya dongkap kadieu pisan.

Ari ngaran gurit weusi,
Sang putri rasa ngandika,
Ulah kapalang lalakon,
Kuring geus takdir ka engkang,
Urang nikah bae ayeuna,
Jeung di angkat ratu,
Di Nagara roga mala.

Kuring teu boga salaki,
Saumur mangku Negara,
Takdir ka engkang nya bajo,
Kuring teh masih parawan,
Jeung deui waktu tukang,
Diri kuring hanteu purun,
Ayeuna ka salira eungkang.

Gurit weusi seug ngalahir,
Aduh nyai keumbang mata,
Kakang teh moal ka pake,
Reuwog beuki barang hakan,
Ku Nyai moal kaparaban,
Geura anu nyatu geumbul,
Kaduhung maka akirna.

Meseum Raden Raja putri,
Eungkang moal sabaraha,
Reuwag sapuluh reuwogge,
Geudong beas gudang urang,
Banyak arek sakumaha,
Geudang hiji jalma sewu,
Moal beak tujuh ahad.


Meseum Raden gurit weuti,
Ari sangkupna sumangga,
Enggalkeun bae carios,
Tidinya jung bae angkat,
Sareng ibu Dewi geudah,
Sadayana geus sami ceuduk,
Ka Nagara Raga Mala.

Urang gancangkeun perkawis.
Hanteu lamili harita,
Umarmaya geus parantos.
Nikah ka sang Putri Raja.
Sarta nyeuneung ka jeuneungan.
Patihna masih kang ibu,
Di Nagara rogamala.

Barang eunggeus reup peuting,
Komalasari Marmaya,
Enggeus pada papanganten,
Kasekar mayang siluman,
Takdir Raden Umarmaya,
caturkeun ari geus isuk.
Geus sampurna janabatna.

Putri sareng gurit weusi.
Linggih dina korsi emas.
Pasuguhan eunggeus juljol,
Enggal Umarmaya tuang,
Bari ngaos bukti jarak.
Nu nulungan opat puluh,
Nyusup ka salira Umar.

Enggal tuang gurit weuti,
Congcot hiji ngan sahuap.
Tambah deui dua congcat,
Di dahar ngandua huap.



Tambah deui congcut opat.
Opat huap enggeus bebas.
Baham nateh mani gembul,
Tambah deui congcut lima.

Ngan lima huap geus habis,
Tacan wereg Umarmaya,
Datang deui eta congcut,
Dihupkeun ngan tujuh huap.
Dalapan huap ku Umar,
Datang deui congcut sapuluh,
Ngan sapuluh huap pisan.

Teu weuleh sang Raja Putri,
Datang congcut tilu weulas,
Dibilang reujeung ka tukang.
Enggal deui putri mundut,
Sapuluh congcut geus datang.

Dituang gugurit weuti,
Sapuluh congcut geus bebas,
Geus jejeg congcut salawe,
Enggeus wareg Umarmaya.
Sar deui inum-inuman,
Barendi anggur geus cunduk,
Parantos nu barang tuang.

Caturkeun isukna deui,
Ana tuang Umarmaya,
Sakitu congcut salawe,
Hanteu leuwih hanteu kurang,
Dua kali sapoena,
Jadi jumlah lima puluh,
Sapaena ana tuang.

Urang gocangkeun perkawis,
Umarmaya geus sabulan,
Anu eunggeus ka carios,
Laun manggu para Raja,
Gudang putri eunggeus beak,
Ka Umar tiu dianggo nyuguh,
Raga perbu sangkamala.

Kacalurkeun eunggeus lami,
Dua bulan Umarmaya,
Gudang sang Raja karosong,
Geus seep ku Umarmaya,
Raja putri eunggeus kalah,
Kakara teu bisa nyuguh,
Dua wenang hanteu tuang.

Gurit weusi seug ngalahir,
Kang rayi sang putra Raja,
Rayi kakang pegat jodo,
Da rayi geus kalah pisan,
Hanteu myuguham ka eungkang,
Sang Raja komala emut,
Tarima kuring geus kalah.

Ayahna teh tuang rayi,
Keursa perbu Raka teumas,
Diserahkeun pegat jodo,
Singkuring tanpa lahiran,
Duriat mah geude pisan,
Gurit weusi seug ngadawuh.

Rayi kakang anut mangkat,
Sae nanging kuring rugi,
Loba bae anu kitu teh,
Sapi kuring ngomong poho,
Kuring rek ditinggal angkat,

Ayeuna kakang rek nanya,
Nu ngaler jalan mulungsung,
Jeurus ka nagara mana.

Komalasari ngalahir,
Nu ngaler ka Nagari duren,
Opat bulan jauh nateh,
Nu ngetan ka Nagri Arab,
Jauh nateh sami pisan,
Ari eta anu ngidul,
Deukeun ka Nagri ngayaban.

Tidurnya satengah ari,
Nagri geude langkung kangas,
Malah kuringge ka eurayd,
Iyeu Nagara ku eta,
Sela weuji papatihna,
Umarmaya enggal nyaur,
Kakang rek ka Negri eta.

Komalasari ngalahir,
Atuh engkang pileuleuyang,
Tapi pama kang eumasteh,
Nun sumping ka kaca-kaca,
Ulah rek nunggal ka tukang,
Angkatna eta eunggeus jung,
Kang eumas salamet jalan.

Umarmaya seug ngalahir,
Kang rayi salmeut tinggal,
Gancang anu di carios,
Geus sumping ka kaca-kaca,
Lampah Raden Umarmaya,
di dayeuh seug tungkul,
Nyaur dina jero manah.

Eling kana saur putri,
Di carek ninggal ka tukang,
Naha matak manahoon,
Coba rek ninggal ka tukang,
Jadi leuweung luwang liwung,
Siluman gambuh pertela.

13. PUPUH GAMBUH

Umarmaya lajeng ngampuk,
Kaduhung kaliwat langkung,
Ningal kaca-kaca tadi,
Beh kiara ngarung gunung,
Jero manah nyaur alo.

Aing ka siluman asup,
Umarmaya bari maju,
Ngurusukna leuweung kai,
hesejalan geus ka langsu,
Angkatna langkung tawalon.

Turun gunung angkat gunung,
Umarmaya tungkul maju,
Sinjangna ti karait,
Ruwak rawek dasar lebur,
Tikait ka tangkal karo.

Seug dianggo sinjang sarung,
Ngan kapeah anu kantun,
Jeung palay geus peurih,
Mendak jambu batu luhur,
Ku Umarmaya di peunol.

Enggal tuang jambu batu,
Angkatna bari samulut,
Jeung enak ka gigir,
Mendak gajah nginum,

Ki Umarmaya di tenggar.

Gajah lumpat liwat langkung,
Lumpat sieuneun ka susul,
Umarmaya seuri ningali,
Gajah lumpah teu ka catur,
Mendak kayam kongkorongok.

Tah eung keuh deukeut ka lumbur,
Ku Umarmaya dijugjug,
Ka lembur kocap geus neupi,
Umarmaya pek jajaluk,
Seng calik bari cangongo.

Sampurasum kulammu,
Sugan terang kalbu,
Sim kuring arek musapir,
Nu boga imah ngawangsul,
Hanteu pareung aki bongkok.

Umarmaya seug ngadawuh,
Pangapunteun kulanun,
Ieu gwus ka Nagri,
Nu boga imah ngawangsul,
Tuh geuning jalan tembong.

Umarmaya angkat mundur,
Geus jauh eta ti lembur,
Beh jalan gede kepanggih,
Umarmaya tuluy maju,
Angkatna langkung tawalon.

Barang ningali ka payun,
Beh kaca-kaca alus,
Kawas cara lawang kori,
Gedong papak leuwih lucu,
Nu ngeusian tuan toko.

Umarmaya sing huru hurubuk,
Palay ituang liwat langkung,
Seug bae tuluy musapir,
Calik di buruan warung,
Umarmaya seug ngajogo.

Urang warung nanya aki talamu,
Arek naon aki beungkung,
Umarmaya seug ngalahir,
Nun aki arek jajaluk,
Madak aya lpari anom.

14. PUPUH SINOM

Anu dagang ngawalonan,
Peureu sabeun bae aki,
Umarmaya seug ngandika,
Nu keuran bae ku ngibing,
Nu dagang ngawalon seuri,
Cing coba ngigeul sing lucu,
Seug mangke di buruhan,
Dibere cau sahiji,
Umarmaya rampayak ngibing sorangan.

Tina palay barang tuang,
Haram hanteu namah ieu,
Eta mah wallahu alam,
iang manon hanteu mustahil,
Eta ngajalankeun rizki,
Sanajan kujalan alus,
Ana goreng iti qadna,
Eta hanteu hasil,
Umarmaya nyurupkeun ngibing jeung nyora.

Tina anu geus kapendak,
Seug ngaos lajeng manyanyi,
Bari ngawateuk asihan,
Sora matah ngerik ati,
Sora nateh gurit weusi,
Sada gentra Nabi Dawud,
Ari cariosna Umar,
Lampah papisah jeung Rayi,
Tukang warung paler asa di gerean.

Eureun ngibing Umarmaya,
Ka tukang warung ngalahir,
Kadieukeun buruhannana,
Tukang warung seug ngalahir,
pek aki sakali deui,
Ngadangukeun kula bantut,
Jeung aki saha jenengan,
Naha lucu teuing,
Kula aki dedengeeun kusawara,

Umarmaya seug ngandika,
Jaga gerendeng ngaran aki,
Jeung deui buruhan nana,
Dagangan kabeh ku aki,
Daek aki ngigeul deui,
Tukang warung gancang wangsul,
Mangga bae kabeh pisan,
Supaya nyara deui,
Iyeu warung sapuluh perak modalna.

Aki geu reundung tangkeup tangan,
Pek nyowara deui aki,
Kabeh jalma ka edanan,
Ngadangu nu keur manyanyi,
Wantu ngaos isim Nabi,
Sada geuntra Nabi Dawud,
Nu dagang etu ngaladenan,

Nu meuli hanteu di tolih,
Katungkul keun ngadangu sowara ngeunah.

Nu meuli nyakitu pisan,
Hanteu ingeut kana duit,
Gugur bapasar ngayaban,
Ki geu reundung untung duit,
Sareung panganggo nu alus,
Loba jalma anu nyaoh,
Pada ngadeug deug eta aki,
Ceuk sawareh mangke aki di imah kaula.

Ceuk nu baga warung moal,
Da baraya kula aki,
Ceuk sawareh aki kaula,
Ari ceuk sawareh deui,
Ceuki sawareh sobat jadi,
Jibaheula age dulur.
Gayur bae eta jalma,
Awewe sareng lalaki,
Tunda deui lalakon ki Umarmaya.

Kocap anu di pada leuman,
Umar Sahad Umar Sahid,
Ka nyai putra unjukan,
Umar Sahid ka Bastari,
Kulanun kanjeng gusti,
Mawi idin kanjeng ratu,
Sim kuring arek ka pasar,
Meuli sirap bari ulin,
Nyi Bastari meresan bari ngidinan.

Marsahad Marsahid nyembah,
Tuluy ka pasar arulin,
Geus pada sumping ka pasar,
Jalma di pasar pabuis,
Naringali eta aki,

Kaedanan ku sowara alus,
Seug ningali Umar Sahad,
Nongton aki keur manyanyi,
Barang dongkap ka aki geureundung tea.

Ka sandong keur ngibing nyora,
Umar Sahad Umar Sahid,
Awas ningali karama,
Tuluy mundur Umar Sahid,
Dina manah semu nangis,
Karayina aduh aduh,
Rayi itu siga kama,
Enggal walon Umar Sahid,
Kang rayi hanteu kaduga ningalan.

Eta akang Alhamdullilah,
Di lantarankeun ku Gusti,
Jalan teupang reujeung Rama,
Tapi ayeunamah rayi,
Ulah waka goncang teuing,
Reugeupkeun wuwuruk ibu,
Hayu wae urang mulang,
Ngadeuheus ka ibu deui,
Umar Sahad Umar Sahid gangcang mulang.

Kacaturkeun kangjeung Raja,
Keur linggih di seuri panganti,
Ngaberes nu ngadeu heusan,
Aria deumang bupati,
Naon eta Raden patih,
Dipasar sora ngaguruh,
Boa eta teh haraman,
Raden patih tuluy indit,
Bisi musuh babad Marmaya di Arab.

Atawa balad Mir Hamzah,
Para Raja seug ngalahir,
Wantu-wantu geus sadia,
Mun aya musuh ti gigir,
Moal kungsi hese deui,
Cakeup kabeh sardadu,
Sakur abdi anu datang,
Barang cukeur gundeum warti,
Umar Sahad ngaliwat ka seuri maha.

Lajeung di saur ku raja,
Tahar Teher leukas masih,
Pun Teher pek ngadeuheus,
Seug mariksa kanjeung gusti,
Di titah naon ku Gusti,
Eta maneh semu rusuh,
Pun Teher enggal unjukan,
Kaulamun kangjeng Gusti,
Jisim abdi sumuhun pulang di pasar.

Ku Gusti piwarang jajan,
Ngan unjukan jisim abdi,
Jajan ka pasar duaan,
Sang Raja ngalahir deui,
Naon anu surak tadi,
Jalma di pasar ngaguruh,
Tahar teher ngawalonan,
Kaulanun nongton aki,
Liwat langkung sawara nateh kungeunah.

Jalma kabeh pada riab,
Raja teh ngalahir deui,
Nyai putri meureun palay,
Ningali ka eta aki,
Ngutus upacara hiji,
Ka pasar anu bade nyaur,
Ka aki geureundung tea,
Kacaturkeun murang kalih,
Geus sarumping ka ibu kapada leuman.

Ngadareuheus ka ibuna,
Nga harewos Umar Sahid
Nyarioskeun eta ramana,
Tiawal dongkap ka tahir,
Marsahad jeung Umar Sahid,
Nyai putri alon nyaur,
Ujang enggeus ulah nyarita,
Sukur ka Gusti Yang Widi,
Diri ibu hanteu weuleh neuda neuda.

Urang gancang carita,
Aki geureudung geus sumping,
Kapayaneun kangjeung raja,
Seug di piwarang manyanyi,
Geus pek ngawih eta aki,
Sada geuntra Nabi Dawud,
Cara geunding parahiangan,
Kadangu ku kangjeng gusti,
Sola wengi kareueung ngadangu sora.

Upacara nyembah pangkat,
Geus dongkap ka nyai putri,
Mangga gusti geura ningali,
Aya sawara leuwih leuwih lucu,
Nyai putri enggal mangkat,
Kana eulongan geus sumping,
Aki geureundung katingali keur ngibung nyora.

Bastari weulas manahna,
Ngalahir ka murangkalih,
Itu mani dedengkepan,
Aki geureundung anu ngibing,
Tahar teher leukas marih,
Anu seuri seug ngaguruh,
Raja ningali Marsahad,
Sukana kaliwat saking,
Para raja peuter ngadangu sawara.

Caritana anu myowara,
Carios lampah pribadi,
Kayu sempur ngarang rangan,
Ka eulatan hujan ngijih,
Tangkal ripuh daun garing,
Diri eukeur bijil sirung,
Ko layang kalaakey pandan,
Jalan nu keur ngagiling,
Rayi raka neangan keur keulinan.

Teu panjang deui carita,
Nu ngadangu peuler cicing,
Putri ninggal teu kaduga,
Mulih diiring Marsahid,
Lahir ka Marsahad Marsahid,
Dengekeun piwuruk ibu,
Bapa maneh ari mulang,
Tuturkeun bae pandeuki,
Mun keur euweuh jalma ku maneh teh tanyo.

Dimana bae eureuna,
Nyembah indit murangkalih,
Geus dongkap ka kaca-kaca,
Eunggeus dek neupi kaburit,
Kangjeung Raja seug ningali,
Nyai putri eunggeus mundur,
Jeng Raja enggal ngandika,
Menggeus aki ieu duit,
Nyai putri da geus dika manisan.

15. PUPUH DANGDANGGULA

Aki geureundung eunggeus di leler duit,
Tuluy pulang ti payuneunnana,
Kandang iteuk jeung ngagem bae,
Kaluar ti alun-alun,
Catur Marsahad Marsahid,
Eta murangkalih dua,
Naturkeun ti pungkur,
Tapi nateh rada anggang,
Aki geureundung eureun handapeun caringin,
Pukul geuneup eta waktuna.

Umarsahad Umarsahid sumping,
Rada enggang huteun tujuh tumbak,
Kira-kira enggang nateh,
Awat Marsahad kapayun.
Marsahad Marsahid seuri.
Eta ningali aki tea,
Keur muka wauwalun,
Ningali nu seuseurian,
Umarmaya pusingna ka murangkalih,
Nyeung seurikeun bangasia.

Naha saha meuna seurikeun ka aing,
Nabeutsia ka bina-bina,
Naha aing teh anu gelo,
Nyeungserikun eiu pupuguh,
Marsahad Marsahid seuri,
Ceuh ceuh leukeun teukan duaan,
Marmaya pusing ka langkung,
Beuki ngajakeun sia,
Mangke sia ku aing teh geura di peuncit,
Umar Sahid langkung reuwas.

Umarmaya pusingna senu manis,
Anggur sia ngahayakeun pisan,
Euweuh teuing pama ledog,
Umar Sahad seug ngadawuh,
Aduh ema ulah pusing,
Ieu teh tuang putra Marsahad Marsahid aku,
Putra patinggal jeung Rama,
Geuning bahula anu di candak bahaya putih,
Naha hanteu eling ama.

Tidinya geus awas ningali,
Umarmaya sinareng putrana,
Geus kitu pihatur bae,
Ramana weulas ka langkung
Naha ama teh teu nyana teuting,
Naha ujang teh kumaha,
Beut didarien kumpul,
Jeung deui ama rek nanya,
Ka eyang teh kumaha deui bastari,
Geus ceupang atawa tacan.

Umar seumu anu ngimpi,
Biang-biang anak aing hiap,
Marsahad geubrug ngarontok,
Anak ama biang agung,
Teu nyana pateupang deui,
Anak ama kembang mata,
Ama weulas kalangkung,
Matak bingbang pikir ama,
Hanteu ngana jeung agung papanggih deui,
Ayeuna Alhandullilah.

Dikeursakeun ku Gusti Yang Widi,
Diri ujang papanggih jeung ama,
Coba agus seug carios,
Purwana didieu agus,
Seug nyarita Umar Sahad,
Ti mimiti dongkap kana weukasan,
Pisah dina laut,
Awal akhir di carita,
Teu kaliwat waktu teupang jeung Bastari,
Kabeh taya nu kaliwat.

Reujeung kuring ama halur deui.
Peudang paman amir Hamzah tea.
Anu ama sareung endong aya bae dikadaturun.
Katinggal bae ngagawing,
Padang galih Umarmaya.
Bunga dina kalbu,
Ayeunamah diri ama.
Dek mereudih ku agus kudu di paling.
Endong reujeung peudang tea.

Umar Sahad reujeung Umar Sahid.
Reujeung Umar Sahid,
Nyembah gancang angkat kapada leuman,
Mangsa harita sang katon,
Di paseban enggeus kumpul,
Las ka dapur umur Sahid,
Nginyjeum taraje ka emban,
Seug emban ngawangsul,
Keur naon tarape ujang,
Umar Sahad ka emban ngalahir,
Keur ngala jambu di luar.

Hanteu loba badanina deui,
Umar tuluy kapada leuman,
Seug di teurapkeun taraje,
Tuluy bae naek kaluhur.
Peudang endong geus ka cangkeng.
Kumar-kumar Sahid Marsahad,
Di bunteul ku sarung,
Kantongna ku Umar Sahid,
Tuluy bae taraje teh di teurapkeun deui,
Mar Sahid Mar sahad lumpat.

Kacaturken ka Rama geus sumping,
Umarmaya mariksa ka putra,
Mana ujang peudang endong,
Umar sar kapayun,
Mangka ieu tingali,
Umarmaya suka bungah,
Sukur ka Gusti Yang Agung,
Pendang geus di candak,
Rap dianggo mariksakeun ka putra deui,
Mana ujang ari endongna.

Umar Sahad enggal seug nganggakeun deui,
Endong kosong Marmaya bungah,
Seug dicandak eta endong,
Disarendang langkung sengut,
Umarmaya seug ngalahir,
Ujang geuwat geura mulang,
Kadetu ka ibu,
Ibu aping kuduwaan,
Ulah nyingkir ujang teh ti jeuro puri,
Ama teh poe isukan.

Arek nangting peurang kari kapid,
Panasaran ujang hate ama,
Mar Sahad Mar Sahid leos,
Geus sumping ka datum,
Kocap Umarmaya deui,
Teu kuleum sapeuting pisan,
Karetek ka langkung,
Kacaturkeun eunggeus beurang,
Tuluy kana longceng digoyangkeun deui,
Anggeus mungkur Umarmaya.

16. PUPUH PUNGKUR

Umarmaya menta-menta,
Endong kosong aing menta prajurit,
Sakeudet netra dikabul,
Puriding deudeug salira,
Tuluy kana lonyceng digoyangkeun rusuh,
Unggal lonceng di tembalan,
Kaget jalma di jeuro Nagri.

Umarmaya tuluy nangtang,
Parajurit hiap geura bararijil,
Lamun enya sia ngamuk,
Aing ngaran Umarmaya,
Ayeuna ku aing bakal di gempur,
Sabab sia goreng dosa,
Maling peudang kantong aing.

Coba aing geura jarajang,
Eunya aing perjurit ti puseur bumi,
Endong aing geus kasusul,
Kapanggih ti imah sia,
Ayeuna sia ku aing bakal dibunuh,
Hayu sia urang peurang,
Ngadu sia urang peurang,
Ngadu kasakteu jeung aing.

Kaget Raja anu maseban,
Aduh biang para paja geura indit,
Si Umarmaya teh nyusul,
Gugup para raja sadaya,
Ngaberes cakeup kabeh serdadu,
Mantu ting enggeus sadia,
Tiu hese ngumpulkeun deui.

Jengur sara mahieumna,
Geus bereleng sara tambar jeung tanji,
Laknan geus pada rusuh,
Pada ngeuping Umarmaya,
Perjurit ngayaban geus kumpul,
Geus sadia pakarangna,
Geus kabudeur gurit weusi.

Umarmaya mateuk peudang,
Cacarbalang eta kabeh para jurit,
Ting jaropak ting jarungkung,
Najong nampiling jeung ngepak,
Numbuh noker kupeudang geus amuradul,
Bangke patumpang tumpang,
Curcar geutih parajurit.

Saratus dua ratus gempar,
Beuki campur pakarang tumbak jeung beudil,
Nusiti bunuh jeung batur,
Katingali ku Umarmaya,
Eta Raja ka baladna seurdadu,
Buk beuk beuk eta sila peudang,
Kabaterna parajurit.

Musuh mah ceu ramang-ramang,
Lir bangawn geus jadi sagara geutih,
Bangkena geus ngunung-ngunung,
Umar nyeukeul peudang,
Cape pisan ditengah eunggeus kalingkung,
Ngajantung bae Marmaya,
Hanteu usik hanteu malik.

Anu meudang anu numbang,
Teu di rasa pakarangna parajurit,
Neupak endong bari mundut,
Geura bijil cinde rasa,
Hanteu lila eta panah eunggeus jeubul,

Panah bijil ngamuk balad,
Macakan perjurit kapir,
Umarmaya nangkup panah,
Sapeurti yen hayam malahan kasir,
Kana panon seurdadu,
Panah ngamuk dahar balad,
Nutak kaget ningal balad seurdadu,
Manan beak anggur tambah,
Juljol bae parajurit.

Umarmaya lir babatang,
Salirana ditapak perjurit,
Ngan panahan anu ngamuk,
Cuk cok nyatuan kabalad,
Sardadu ting jarungkung pada rubuh,
Mani gila Umarmaya,
Tayoh sadia ti tatadi.

Umarmaya menta-menta,
Jimat endang rupa aing salin,
Masing geude jangkung luhur,
Awak waja sing ngorancang,
Umarmaya sa keudet netra dikabul,
rupa geude pangawakan,
Papak jeung tangkal caringin.

Caringin seug dipunggeulan,
Ngahareugeum molotot kaparajurit,
Peurjurit mangprung kabur,
Gempar geus pada kasima,
Nu sawareh birat kabur seurdadu,
Nu ka leuweung nuka reuma,
Pada silih reubut hurip.

Kacaturkeun deui panah,
Di karaton hanteu ngudag ngudag jalma,
Taya anu kantun serdadu,
Para raja kabeh pisan,
Ningal panah masih ngamuk ka serdadu,
Raja nyingkir bari dangdan,
Sabat panah eukeur calik.

Para raja wani pisan,
Najan kaget eta jalma ngan sahiji,
Di garoyok ku sardadu,
Taya kabedaan mana,
Taya wartos yen eta serdadu punjul,
Ngarana banda Ngara,
Tanda sugih mukti abdi.
Anu bedas dangan urang,
Pada gundeum sadayana para bupati,
Ayeunamah gayu atuh,
Tapi coba itung balad,
Taya hiji anu kantun serdadu,
Sadayana tunggang gajah,
Nuhiji patih wajeusi.

Tiluhur anu ngawang ngawang,
Ari eta maha Raja sela weuji,
Di aping kupara tumenggung,
Jeung angkat para raja,
Jeung patihna anu maju,
Di tema ku para raja,
Pandeuri panggawa mantri.

Arek nangkeup Umarmaya,
Sadayana nyoreng pedang parajurit,
Geus sumping ka alun-alun,
Enggeus prak masang bendera,
Ditingali Marmaya euweuh ngajeuntul,
Kaget Raja sukamanah,

Marukan Marmaya nyingkir.

Naha kamana Marmaya,
Ieu balad aing kabeh geus arindit,
Minangtang wani ngaguruh,
Kamana si Umarmaya,
Beut teu aya,
Anajol bet ngahareugung,
Sadaya gempar kasima,
Gajahnamah nyejat nyingkir.

Para raja kabeh pisan,
Hanteu eling kasina kugurit weusi,
Nu ngawngwang di luhur,
Dek ngawalan teu kaduga,
Hemar heumir aya mundur aya maju,
Kabéh raja nu di handap,
Mani kabeh ting garuling.

Anggur aing arek ngejat,
Tuluy kabur ngawang-ngawang raden patih,
Seja aya anu di jugjug,
Ka raja karbi saradan,
Sena patih kanagri,
Saradan lungsur,
Tunda patih patih di saradan,
Kocap raja sela weuji.

Ku Umarmaya di banda,
Eta kabeh eunggeus di rante beusi,
Kabeh raja ditambalung,
Sanggeus nambalung raja,
Umarmaya kana endong enggal mundut,
Endong menta salin rupa,
Masing cara tadi deiu.

Umarmaya eunggeus lenggah,
Salirana eunggeus leutik deui,
Katinggal kukabeh ratu,
Kaget dina jero manah,
Nyadigjaya ratu arab gede luhur,
Kitu manah para raja,
Ngan di luar arek mati.

17. PUPUH KINANTI

Enggal Umarmaya ngadawuh,
Eta ayeuna para bupati,
Kumaha galih sampean,
Hayang hurip hayang mati,
Kasarna kaula ti arab,
Nyusul kantong pedang amir.

Nya sampean bangsat duduk,
Kula menta jawab misti,
Lamuna hayang waluya,
Kudu manjing agama suci,
Ayena ngucap sahadat,
Anut kana lampah Nabi.

Lamun teu nurut dibunuh,
Masih ayeuna dipencit,
Coba jawab anu eunya,
Ngawalon para bupati,
Ngiring sakersana gamparan,
Sim abdi nyanggakan diri.

Sim abdi seuyarek taluk,
Supaya ulah di basmi,
Abdi seuya anut Islam,
Sareng nyanggakeun nagari,
Sarawuh reujeung eusina,
Tanda taluk jisim abdi.

Umarmaya seug ngawuruk,
Kasadaya para bopati,
Asyhadu Alla ilaaha illolloh,
Waashadu anna Ibrahim,
Tah kitu timbalan Nabi.

Sadaya para tumenggung,
Geus ngucap kalimah kalih,
Enggal rante di canganan,
Geus kumpul kabeh bupati,
Sadaya pada barungah,
Jung hudang kabeh para peurjurit.

Sakuranu kasima lumpuh,
Panggawa manteuri tarang,
Lajeng akat Umarmaya,
Enggana kasri manganti,
diiring kukabeh raja,
Umarmaya enggeus linggih.

Tunda sadaya tumenggung,
Umarmaya seug ngalahir,
Eta sadaya para raja,
Saha anu asal tadi,
Maling kantong reujung pedang,
Ngaran perjurit nu maling.

Kangjeng raja nyembah matu,
Kulanun kanjeng gusti,
Kulamun abdi minitah,
Raden patih anu maling,
Tapi ayeuna hanteu aya,
Siauneum di peurang tanding.

Abdi sumenja reksujud,
Kasampean kanjeung gusti,
Sareung abdi rek sumarah,
Nu aya di jeuro Nagri,
Rawuh abdi jeng eusina,
Sareung nyanggakeun nyi putri,

Umarmaya seug ngadawuh,
Kadang dora seuka weuji,
Eta pamajikan urang,
Jeuneungan nyai bastari,
Sareungela budak dua,
Anak urang pribadi.

Bastari eta punibu,
Ngaran Marsahad Marsahid,
Raja ayaban ngandika,
Kaulamun kangjeng gusti,
Nyata lamun teu katimah,
Di kersakeun kuyang wadi.

Lamun abdi hanteu kitu,
Pitang geuleun teuing linggih,
Nyorang kalamah ngayaban,
Ayeuna gamparan linggih,
Pijalaneun nyusul putra,
Sareng abdi jadi suci.

Mesem Marmaya ngadawuh,
Sukur ka Gusti Yang Widi,
Saur Marsahad Marsahid,
Reujeung nyai deui bastari,
Gancangna nu dipiwarang,
Nyi Bastari eunggeus sumping.

Umarmaya seug ngadawuh,
Nyi Bastari bungah ati,
Eunggeus hanteu nyana engkang,
Bakal piteu pangeun deui,
Eta Marsahad Marsahid,
Jalanan diri pribadi.

Umarmaya lajeung sujud,
Eta Rayina bastari,
Hanteu nyanadeui tepang,
Sidik kang raka jeng Rayi,
Ayeuna alhamdulillah,
Diparengkeun teupang deui.

Sukur ka Gusti Yang Agung,
Marsahid Marsahad sumping,
Nyeumbah payuneun rama,
Nyi Bastari kana karsi,
Ngarendeng jeung Umarmaya,
di handap para bupati.

Umarmaya seug ngadawuh,
Masing kumpul abdi-abdi,
Denang ayaban dat nyeumbah,
Ngumpulkeun kabeh perjurit,
Serdadu jeung tatabeuhan,
Warna-warna eunggeus sumping.

Antero kabeh geus kumpul,
Eyar ngabaris perjurit,
Menak-menak geus ngajerit,
Tumeunggung kabeh caralik,
Jeung sakabeh para raja,
Di handap panggawa mantri.

Raja ayaban ngadawuh,
Abdi-abdi kabeh lantip,
Ayeuna kula saksi,
Arek nyanggakeun ieu Nagri,
Karahaden Umarmaya,
Nangku Nagri nyakrawati.

Sareng deui panggawa ratu,
Anu geude anu leutik,
Seug kudu anut agama,
Anut ka Nabi Ibrahim,
Reujeung kapalayna,
Ieu ngageuntos kakasih,

Sang bupati sela unjung,
Cendak nyembah para bupati,
Sumuhun tampi simbalan,
Pada munjungan perjurit,
Jedur marieum disada,
Bereleng tambur jeung beri.

Jatabeuhan geus ngaguruh,
Ngageudeur cai banjir,
Parantos anu munjungan,
Pada calik dina karsi,
Sadayana sukan-sukan,
Anu pesta beurang peuting.

Tunda kabeh para ratu,
Nukeur pada suka ati,
Kocapkeun hiji Negara,
Jeubar sugih mukti abdi,
Ngarana Nagri saradan,
Bupatina raja karbi.

Patihna wasta widarum,
Perenah nateh raja qarbi,
Saderek raja ngayaban,
Nu ngaram patih wajeusi.

Mindeung saraya bari mubus,
Korbi dideuheusan kupatih,
Raja Korbi seug ngandika,
Nuhatur patih wajeusi,
Kawas anu rusuh pisan,
Piwarang naon ku Gusti.

Raden patih nyembah matur,
Purwa ngadeuheus sim abdi,
Nguningakeun raka gamparan,
Ayeuna ka sambut jurit,
Samalah ayeuna pisan,
Eukeur campur perang tanding.

Sadayana para ratu,
Anu dalapan nagari,
Ari musuh hanteu aya,
Ngan Umarmaya sahiji,
Ngamukna ngalangkung rangkah,
Ngubasmi kabeh perjurit.

Sadayana serdadu,
Kabeh eta pada nyingkir,
Kari tinggal para raja,
lukeur campur liwat saking,
Abdi mawi ngadeuheusan,
Gamparan nu nyangking jurit.

Peuteung galih kangjeung Ratu,
Gambaran teh senapati,
Ari musuh hanteu aya,
Nakumaha kangjeng Gusti,
Sumangga piwarang perang,
Abdi daleum senapati.

Sang Raja Korbi ngaranjug,
Maut kumis jeung ngalahir,
Bangka warah Umarmaya,
Wani ngaraman ngajurit,
Raden patih kula lepat,
Kakulamah taya warti.

Kaget nyaur kawidarum,
Kumpulkeun kabeh perjurit,
Urang rurug Umarmaya,
Bed nyingkir ku jalma hiji,
Balad kabeh ti ngayaban,
Mani mabur parajurit.


Patih widarum seug mundur,
Tuluy nageuh goong beri,
Balad kumpul sadayana,
Kumeundang leknan perjurit,
Pakarang kabeh sadia,
Tambur dur dor para jurit.

18. PUPUH DARMA

Geus sadia balad-balad sadayana,
Tumpak manggul bedil,
Sadia ngageum karang,
Leknan ajudan ku meundang,
Tujuh laksa parajurit,
Pada sadia,
Dangdanan adat perjurit.

Maku tana hurung di tarestes berlian,
Jeung raksukan kangjeng Gusti,
Di tapuk ku emas,
Geus hurung wani muber,
Raden patih ngadeuheusan deui,
Kumaha raja,
Sumuhun parantos gusti.

Enggal bae kangjeng raja tunggang gajah,
Di abeng ku perjurit,
Seratus nu tunggang kuda,
Ngobeng eta kangjeng raja,
Bena patina wajetisi,
Patih ngayaban,
Jeugur marian.



Ditambahkan warna-warna tabeuhan,
Tarolot tarompet suling,
Geundong goong reujeung gangsa,
Geus torolot tarompetna,
Ramena kaliwat saking,
Jeung gendang peunca,
Meulas meulis sora suling.

Kacarita sadayana anu maseban,
Seta umyung kangjeng Gusti,
Ngalahir ka raja-raja,
Coba naon anu sabak sarak,
Kocap hiji nu ngalahir,
Nu ngaram raja,
Kulamun kangjeung Gusti.

Perkawis eta anu susurakan,
Umarmseug ngalahir.

Para raja sadayana motong angkat,
Motong pada milu jurit,
Para raja seug haturan,
Kulamun kangjeng raja,
Mun Gusti rek nyalin rupi,
Abdi leler uninga,
Umarmaya seug ngalahir.

Coba ningal kula arek ngaleupas panah,
Enggah bae panah bijil,
Tuluy kana balad loba,
Sadayana kaget pisan,
Yanggal panah eunggeus sumping,
Tunda anu keur maseban,
Caturkeun panah geus sumping,
Kabalad loba,
Macokan lir oray laki.

Sadayana balad korbi sukssek modar,
Sing jaropak parajurit,
Panah malik,
Qubur sadayana balad,
Ceuk sawareh pajar engan,
Ditepak kuparajurit,
Panah malikan,
Kasakabeh parajurit.

Saratus dua ratus anu modar,
Pagoletak parajurit,
Musuh malodar,
Perang teu kalawan jalma,
Tumpang tindih parajurit,
Sawareh lumpat,
Awes den patih wajeusi.

Sieun panah keur macokan wadra balad,
Si Umar nya sakti,
Bisa ngahirupan panah,
Panah bisa ngudag jalma,
Parajurit birat nyalingkir,
Sieuneun panah,
Ngahenteum bae ngukuntit.

Eta panah ngudag-ngudag bae kajalma,
Di tepakan ku parajurit,
Panah teu beunang di tepak,
Kubedil reujeung ku tombak,
Anggur hanteu macok parajurit,
Taya teupona,
Pagoletak tumbang tindih.

Sardadu nuhirup kabeh lalumpat,
Ngulon ngaler parajurit,
Ting garero nusa sambat,
Tuluy abdi kangjeng Raja,
Sawareh ku Gusti-Gusti,
Kuring teu tahan,
Sieum temen diri kuring.

Aya panah ngudag kajero Nagara,
Kadayeuh saradan tepi,
Kakaraton ngudag-ngudag,
Mulang deui kangayaban,
Kana kantong eunggeus sumping,
Kaget para raja,
Umarmaya seug ngalahir.

Eta sadaya montong milu-milu perang,
Kula bae arek jurit,
Tanggap bae ka sadaya,
Umarmaya enggal angkat,
Umarmaya pada ngiring,

Musuh jol kaluar,
Umarmaya eunggeus sumping.

Tunggang gajah diaping kupatih dua,
Widarun sareng wajeusi,
Geus tepang jeung Umarmaya,
Lenggah bae seug bae mariksa,
Saha ieu perjurit,
Atawa Raja,
Umarmaya seug ngalahir.

Korbi ieu nya aing ngaram Umarmaya,
Didieu geus nyepeng Nagri,
Geus taluk urang ayaban,
Sadaya geus pada islam,
Maneh oge Raja korbi,
Ngakudu Islam,
Montong perang reujeung aing.

